

20 Mas 2020

Edikasyon Aletranje Konfime Ka COVID-19 la.

Chè kominote ki sou kanpis la,

M ap ekri nou pou mwen konfime premye ka COVID-19 la nan kominote Inivèsite Maryland lan, yon etidyan ki retounen lakay fanmi li, soti nan yon pwogram etid aletranje nan vil Baselòn nan peyi Lespay. Etidyan sa a pat retounen sou kanpis la lè li te soti Lespay epi li izole lakay li nan moman an, nan yon eta ki andeyò Maryland.

Bonè maten an, nou te avize tout etidyan ki te patisipe nan pwogram Baselòn nan epi nou te ba yo konsèy CDC. Konsèy sa yo di ke moun ki te ekspoze a yon lòt moun ki gen maladi COVID-19 la, ta sipoze rete lakay yo pandan 14 jou ap obsève tèt yo epi verifye sentòm yo.

Anplis de sa, nou ap veye de lòt ka sispèk kote sentòm yo sijere ke yon dyagnostik pozitif posib. Pou plis prekosyon, nou pataje enfòmasyon ak manb kominote kanpis la nou konnen ki te rantre an kontak ak nenpòt moun yo sispèk genyen COVID-19 la. Li posib ke lòt moun nan kominote a pral afekte a lavni paske pwopagasyon nan kominote yo ap grandi nan yon nivo nasyonal. Nou ankouraje w siveye nouvel kominote w la pou dènye enfòmasyon yo. Tanpri kontinye verifye umd.edu/virusinfo pou mizajou sou kanpis la.

Inivèsite Maryland lan kontinye pran aksyon ki pwoaktif pou ede frennen pwopagasyon COVID-19 la. Tout manb kominote a jwe yon wòl esansyèl nan prevansyon an. Lave men w souvan, pratike distans sosyal epi rete vijilan ak lasante w.

Sensèman,

Sacared Bodison, MD

Direktè Enterimè, Sant Sante Inivèsite a